

Eta New York  
KOMISYON KONPANSASYON TRAVAYÈ

**ANREJISTREMAN POU PATISIPASYON NAN OPERASYON SEKOU,  
REKIPERASYON AK/OSWA NETWAYAJ WORLD TRADE CENTER**

(Deklarasyon sou Baz Lwa §162 pou Konpansasyon Travayè a)

Tanpri byen li tout enfòmasyon ak enstriksyon jeneral ki anba a epi avèk atansyon anvan ou ranpli Deklarasyon an ki kòmanse nan paj 3 a.

**ENFÒMASYON JENERAL**

1. Yo te vote Atik 8-A Lwa sou Konpansasyon Travayè a (WCL) nan dat 14 Out 2006 pou pwolonje delè pou yon "patisipan" nan operasyon sekou, rekiperasyon ak/oswa netwayaj World Trade Center ki ap soufri, oswa ki kapab soufri alavni pou "kondisyon kalifikasyon", depoze yon reklamasyon pou salè konpansasyon travayè ak avantaj medikal li pèdi, epi pou pèmèt Komisyón an ouvri reklamasyon yo te rejte anvan yo paske delè a te rive. Sa pa gen lontan, yo te modifye Atik 8-A a pou chanje definisyon "kondisyon kalifikasyon" an epi pou pwolonje delè anrejistreman an.
2. Nan WCL §161(1) an, yo defini yon "Patisipan nan operasyon sekou, rekiperasyon, oswa netwayaj World Trade Center" (yo rele "patisipan") antanke nenpòt:
  - (a) **anplwaye**, nan kad travay li, oswa (b) benevòl ki prezante devan Komisyón an yon prèv ki satisfè Komisyón an, ki montre moun sa a:
    - (i) te patisipe nan operasyon sekou, rekiperasyon, oswa netwayaj sou sit World Trade Center a ant 11 Septanm 2001 pou rive 12 Septanm 2002, oswa
    - (ii) te travay nan Dechaj (kote yo jete fatra) Fresh Kills la ant 11 Septanm 2001 pou rive 12 Septanm 2002, oswa
    - (iii) te travay nan mòg Vil New York la oswa nan mòg tanporè ki te sou waf ki nan Iwès Manhattan nan ant 11 Septanm 2001 pou rive 12 Septanm 2002, oswa
    - (iv) te travay sou bato yo (barges) soti sou kote Iwès Manhattan pou rive nan Dechaj Fresh Kills la nan New York ant 11 Septanm 2001 pou rive 12 Septanm 2002.
  - (b) anplwaye, nan kad travay li, oswa (b) benevòl ki prezante devan Komisyón an yon prèv ki satisfè Komisyón an, ki montre moun sa a:
    - (i) te patisipe nan operasyon sekou, rekiperasyon, oswa netwayaj sou sit World Trade Center a ant 11 Septanm 2001 pou rive 12 Septanm 2002, oswa
    - (ii) te travay nan Dechaj (kote yo jete fatra) Fresh Kills la ant 11 Septanm 2001 pou rive 12 Septanm 2002, oswa
    - (iii) te travay nan mòg Vil New York la oswa nan mòg tanporè ki te sou waf ki nan Iwès Manhattan nan ant 11 Septanm 2001 pou rive 12 Septanm 2002, oswa
    - (iv) te travay sou bato yo (barges) soti sou kote Iwès Manhattan pou rive nan Dechaj Fresh Kills la nan New York ant 11 Septanm 2001 pou rive 12 Septanm 2002.
3. Yo defini "sit World Trade Center" a antanke "nenpòt kote ki pa anba liy ki kòmanse nan Hudson River ak Canal Street la; alès Canal Street pou rive nan Pike Street; nan sid Pike Street pou rive nan East River; epi ki etann li rive jis nan pwent pa anba Manhattan".
4. Yo defini yon "kondisyon kalifikasyon" kòm "nenpòt maladi oswa kondisyon ki vin apre yo akoz yon moun te fè fas ak danje pandan li t ap patisipe nan operasyon sekou, rekiperasyon, oswa netwayaj nan World Trade Center:
  - (a) Maladi vwa respiratwa siperyè ak mikozite (mucosae), tankou konjonktivit, rinit, sinizit, farenjit, larenjit, maladi nan kòd vokal, gwo aktivite nan vwa siperyè kote lè a pase a (upper airway) ak trache oswa bwonch anfle (tracheobronchitis), oswa yon kombinezon kondisyon sa yo;
  - (b) Maladi vwa respiratwa enferyè, tankou, san se pa sa yo sèlman, bwonch, opresyon, sendwòm vwa respiratwa ki mal fonksyone, ak plizyè kalite nemoni, tankou gwo sansibilite, yon ti zòn ki anfle (granulomatous), oswa ewozinofili;
  - (c) Maladi dijestif gastwoezofajyen (gastroesophageal), tankou maladi ezofajit ak gastrik, grav oswa kwonik, moun nan vin genyen oswa ki vin pi grav akoz li kontamine;
  - (d) Maladi aks sikolojik, tankou sendwòm estrès apre chòk (post-traumatic stress), enkyetid, depresyon, oswa nenpòt kombinezon maladi sa yo; oswa
  - (e) Nouvo maladi moun nan vin genyen akoz li kontamine, pa egzant kalite maladi ki ap deklare alavni yo tankou kansè, maladi pilmonè obstruktif kwonik, maladi ki gen rapò ak amyant, anpwazònman nan metal ki lou, maladi miskilo-eskeletik ak maladi sikolojik ki kwonik.
5. Pou reklamasyon yon patisipan nan operasyon sekou, rekiperasyon oswa netwayaj nan World Trade Center antre nan kad aplikasyon Atik 8-A Lwa sou Konpansasyon Travayè a, patisipan an gen obligasyon pou li enskri nan Komisyón Konpansasyon Travayè a ("Komisyón"). Li dwe depoze fòm enskripsiyon (WTC-12) la pou pita nan dat 11 Septanm 2026.
6. Pou enskri, ou dwe ranpli Deklarasyon sa a yon fason ki egzak epi li dwe bay laverite, ou dwe depoze deklarasyon orijinal la nan Biwo Distri Komisyón an oswa nan Downstate Central Mailing Center (gade adrès ki anba a) anvan dat 11 septanm 2026.

**ENSTRIKSYON**

- A. Si ou te yon "patisipan" nan operasyon sekou, rekiperasyon ak/oswa netwayaj nan World Trade Center, jan nou defini sa anwo a, ou gen obligasyon pou ou bay enfòmasyon Komisyón an mande nan Deklarasyon ki nan dokiman sa a, si ou te kontamine akoz ou te ekspose nan kondisyon danjere ki ap fè ou soufri, oswa ki kapab fè ou soufri alavni, pou yon "kondisyon kalifikasyon" kote ou pral oswa ou kapab depoze oswa ou te depoze yon reklamasyon pou avantaj konpansasyon travayè.

- B. Tanpri, bay enfòmasyon ki vin apre yo pou ou ranpli Deklarasyon an:

**Pwen 1** - Bay adrès kote ou abite aktyèlman, tankou nimewo apatman (si li aplikab), nimewo ri a, non ri a, vil la, Eta a ansam ak kòd postal la. Bay adrès postal ou si li diferan ak adrès ou bay pou kote ou abite a. Asire w ou mete nimewo telefòn ou. Tanpri, bay Nimewo Sekirite Sosyal ou ak dat nesans ou sou fòm mwa/dat/ane.

**Pwen 2** - Fraz sa a jis vle di ou te patisipe nan operasyon sekou, rekiperasyon ak netwayaj nan World Trade Center ant dat 11 Septanm 2001 pou rive 12 Septanm 2002, sou sit World Trade Center a, Dechaj Fresh Kills la, mòg oswa mòg tanporè Vil New York la, oswa sou bato (barges) yo soti nan kote lwès Manhattan pou rive nan Dechaj Fresh Kills la.

**Pwen 3** - Di si wi ou te patisipe nan operasyon sekou, rekiperasyon ak/oswa netwayaj nan World Trade Center a antanke yon anplwaye (nan kad travay ou pou lajan) oswa antanke yon benevòl (pa nan kad travay ou, men selon pwòp inisyativ ou san yo pa peye ou);

**Pwen 4** - Bay yon lis ki gen yon deskripsiyon tou kout konsènan nenpòt prèv ki montre aktivite ou antanke benevòl, pa egzamp, badj, lèt, deklarasyon, foto, lojman, elatriye;

**Pwen 5** - Ranpli tablo a. Bat dat presi ak lokal kote ou te patisipe nan operasyon sekou, rekiperasyon ak/oswa netwayaj World Trade Center a selon tout posib ou. Bay esplikasyon sou travay ou te fè nan chak lokal yo nan dat ou te nan lokal sa yo. Bay non ak adrès konplè patwon ou (yo) oswa òganizasyon/ajans benevòl pou sekou kote w te ofri tèt ou kòm benevòl nan peryòd ou te patisipe nan operasyon sekou, rekiperasyon ak/oswa netwayaj nan World Trade Center a, epi si sa aplikab epi ou konnen li, bay non konpayi asirans patwon ou an; epi

**Pwen 6** - Di si ou te déjà depoze yon reklamasyon pou konpansasyon travayè devan Komisyon an ki gen rapò ak patisipasyon ou nan operasyon sekou, rekiperasyon ak/oswa netwayaj nan World Trade Center. Si ou te fè sa, ou dwe ajoute dat ou te depoze reklamasyon an ansam ak nimewo dosye WCB a.

**Pwen 7** - Pwen sa a montre ou konprann lè w depoze Deklarasyon an, epi apresa ou anrejistre kòm "patisipan", se pa menm ak lè ou depoze yon reklamasyon pou avantaj konpansasyon travayè. Pou depoze yon reklamasyon pou avantaj, ou dwe soumèt Fòm C-3 oswa Fòm WTCVol-3 a devan Komisyon an nan bon moman.

**Pwen 8** - Pwen sa a montre ou konprann lalwa pini tout moun ki soumèt fo dokiman alekri bay Komisyon an ansam ak moun ki fè fo deklarasyon yo.

- C. Apre ou fin ranpli Deklarasyon an, tanpri, revize li pou asire w sa ou di yo se laverite epi yo egzak.
- D. Siyen Deklarasyon an. TANPRI NOTE SA: lè ou siyen deklarasyon sa a, ou fè sèman epi ou montre enfòmasyon ou bay yo ak deklarasyon ou fè yo se laverite sou baz sanksyon pou yo pini w pou manti. Epitou, ou fè konnen ou konprann lalwa prevwa bay moun sanksyon kòm pinisyon pou manti, pou fo deklarasyon yo chwazi fè nan kad reklamasyon asirans, epi poutèt yo soumèt yon fo dokiman pou depo.
- E. Ou dwe depoze orijinal Deklarasyon an devan Komisyon an anvan dat 11 septanm 2026 nan Adrès Postal Santral Komisyon an: P.O. Box 5205, Binghamton, N.Y. 13902.

## **ENFÒMASYON ANPLIS**

- F. Yo **PA** konsidere depo Deklarasyon sa a devan Komisyon an kòm depo pou reklamasyon avantaj konpansasyon travayè. Pou ou depoze yon reklamasyon avantaj pou konpansasyon travayè, ou dwe soumèt yon Fòm C-3 (Reklamasyon Anplwaye pou Konpansasyon) oswa WTCVol-3 (Reklamasyon Benevòl nan World Trade Center pou Konpansasyon) devan Komisyon an nan yon bon moman.
- G. **TANPRI SONJE:** Si ou te depoze yon reklamasyon anvan sa pou avantaj konpansasyon travayè anrapò ak patisipasyon ou nan operasyon sekou, rekiperasyon ak/oswa netwayaj nan World Trade Center, epi Komisyon an te rejte li paske ou pa t fè patwon w konn sa nan bon moman oswa ou pa t depoze yon reklamasyon devan Komisyon an nan tan yo bay la, Komisyon an ap ouvri epi egzamine reklamasyon sa a ankò, AKONDISYON ou depoze Deklarasyon ou an devan Komisyon an anvan 11 septanm 2026.

### **H. TANPRI SONJE:**

- pou "patisipan" an anrejistre, li dwe depoze yon Deklarasyon devan Komisyon an anvan 11 septanm 2026, yon fason pou yo aplike peryòd pwolongasyon delè pou depo reklamasyon an pou reklamasyon li an.
- Si yon "patisipan" te déjà depoze yon reklamasyon avantaj pou konpansasyon travayè pou yon "kondisyon kalifikasyon", epi yo te rejte li paske li fèt twò ta epi kounye a, li pa rive depoze yon Deklarasyon devan Komisyon an nan delè yo bay la, Komisyon an p ap ouvri epi egzamine reklamasyon "patisipan" an ankò. Sepandan, yo p ap rejte yon reklamasyon yon patisipan nan operasyon sekou, rekiperasyon oswa netwayaj nan World Trade Center depoze, ki vin pa valab ant 11 septanm 2012 ak 11 septanm 2021, jan Seksyon 18 oswa Seksyon 28 chapit sa a entèdi sa, si li te depoze reklamasyon sa a nan dat oswa anvan dat 11 septanm 2026. Komisyon an ap egzamine ankò, nenpòt reklamasyon konsa yon patisipan nan operasyon sekou, rekiperasyon oswa netwayaj nan World Trade Center te depoze, ki vin pa valab ant 11 septanm 2012 ak 11 septanm 2021, epi yo te rejte sou baz Seksyon 18 oswa 28 chapit sa a.
- Peryòd pwolongasyon delè pou depo reklamasyon an ap aplike sèlman pou reklamasyon yon "patisipan" ki depoze yon Deklarasyon devan Komisyon an pou li anrejistre anvan 11 septanm 2026.

Anrejistreman pou Patisipasyon nan Operasyon Sekou,  
Rekiperasyon ak/oswa Netwayaj nan World Trade Center  
(Deklarasyon sou Baz Lwa §162 pou Konpansasyon Travayè a)

YON ANREJISTREMAN PA YON DEPO REKLAMASYON POU AVANTAJ KONPANSASYON TRAVAYÈ

Nan sa ki Konsène Anrejistreman

\_\_\_\_\_, Patisipan  
(*Prenon, inisyal nan mitan ak siyati ou*)

**DEKLARASYON**

Konsènan Patisipasyon nan Operasyon Sekou,  
Rekiperasyon ak/oswa Netwayaj nan World Trade Center.

**WCL§162**

**Mwen,** \_\_\_\_\_ (*ekri non, inisyal dezyèm non an ak siyati a ak lèt detache*) **deklare**

1. Mwen se Patisipan ki gen non li anwo a, epi mwen abite nan \_\_\_\_\_ (*bay non ak nimewo ri a, vil la, eta a, kòd postal la ak peyi a si ou pa Etazini*). Adrès postal mwen (si li diferan ak adrès kote ou abite a se) \_\_\_\_\_  
Nimewo telefòn mwen se \_\_\_\_\_ (*areya kòd, nimewo*). Nimewo Sekirite Sosyal mwen se \_\_\_\_\_ (*pa obligatwa*) epi dat nesans mwen se \_\_\_\_\_.
2. Mwen te patisipe nan operasyon sekou, rekiperasyon ak/oswa netwayaj nan World Trade Center jan yo defini tèm lan nan Lwa §161 sou Konpansasyon Travayè a (1). (*Gade paj enstriksyon an pou definisyon ki konplè a.*)
3. Mwen te patisipe nan operasyon sekou, rekiperasyon ak/oswa netwayaj nan World Trade Center jan yo defini sa nan Lwa §161 sou Konpansasyon Travayè a (1) kòm (*presize si ou te patisipe kòm yon anplwaye oswa benevòl*) \_\_\_\_\_. (*Yon moun te patisipe antanke yon anplwaye si li te nan kad travay li epi yo te peye li. Yon moun te patisipe antanke yon benevòl si sa pa t antre nan kad travay li, si se pa patwon li ki te ankouraje li patisipe epi si yo pa t peye li pou sèvis li te bay yo.*)
4. Mwen gen prèv ki vin apre yo konsènan aktivite mwen antanke yon **benevòl** \_\_\_\_\_  
(*bay nenpòt prèv konsènan aktivite ou antanke benevòl, tankou foto, badj, lèt, elatriye*). (*Si ou pa t patisipe antanke yon benevòl, pase trè sou paragrafsa a.*)
5. Dat ak lokal kote mwen te travay antanke yon patisipan, yon deskripsyon sou travay mwen te fè a, non ak adrès patwon mwen an pandan mwen t ap patisipe a oswa non ajans oswa konpayi ki te jere patisipasyon mwen antanke benevòl, ansanm ak konpayi asirans lan, si li aplikab epi/oswa patwon mwen an konnen li, se sa ki vin apre yo:

Dat ou te Patisipe	Lokal Kote ou te Patisipe a	Esplikasyon sou Travay ou te Fè a	Non Patwon/ Konpayi oswa Ajans Sekou a	Adrès Patwon/ Konpayi oswa Ajans Sekou a	Non Konpayi Asirans Patwon an (si ou konnen li)

6. Mwen (di si ou **te oswa ou pa te**) \_\_\_\_\_ depoze yon reklamasyon devan Komisyen Konpansasyon Travayè a (yo rele la a "Komisyen") pou patisipasyon mwen nan operasyon sekou, rekiperasyon ak/oswa netwayaj nan World Trade Center jan Lwa §162 (1) sou Konpansasyon Travayè a defini sa. Mwen depoze reklamasyon an nan dat \_\_\_\_\_ (*dat ou depoze reklamasyon an devan Komisyen Konpansasyon Travayè a*) epi "Nimewo Dosye WCB" pou depo reklamasyon an se \_\_\_\_\_ (*uit (8) chif Komisyen Konpansasyon Travayè a bay*).
7. Mwen konprann lè mwen depoze Deklarasyon sa a devan Komisyen an, sa pa vle di mwen depoze yon reklamasyon pou avantaj epi Komisyen an p ap kreye yon dosye. Mwen konprann pou mwen depoze yon reklamasyon, mwen dwe soumèt Fòm C-3 a, Reklamasyon Amplwaye pou Konpansasyon, oswa Fòm WTCVol-3 a, Reklamasyon Benevòl nan World Trade Center pou Konpansasyon, bay Komisyen an.
8. Mwen konpran lalwa prevwa sanksyon pou moun ki bay manti, ki chwazi fè fo deklarasyon nan yon dokiman alekri yo ba li pou depo nan yon òganizasyon publik tankou Komisyen an, epi lefètke li chwazi fè fo deklarasyon nan kad yon reklamasyon pou asirans. Lefètke mwen siyen non mwen anba a, mwen fè sèman epi mwen afime enfòmasyon mwen bay yo ak deklarasyon mwen fè yo se laverite sou baz sanksyon pou yo pini mwen pou manti.

---

### Siyati Konplè

(*ak lank sèlman -- itilize yon plim ble si sa posib*)

Mwen deklare nan dat \_\_\_\_\_, \_\_\_\_\_, \_\_\_\_\_  
anba sanksyon pou fo temwayaj selon lwa New York, ki ka gen ladan l yon amann oswa anprizònman,  
deklarasyon pi wo a se verite, epi mwen konprann yo ka depoze dokiman sa a nan kad yon aksyon oswa  
pwosè nan yon tribinal.